ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ҚОҢЫРАТ РАЙОНЛЫҚ КЕҢЕСИНИҢ ШЕШИМИ

Қоңырат районы «Өрнек» аўыл пуқаралар жыйынын бөлиў, шегараларын белгилеў, жаңадан шөлкемлестирилетуғын аўыл пуқаралар жыйынына ат бериў, «Киет» ҳәм «Айран» аўыллары шегараларына өзгерис киритиў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2014-жыл 14-марттағы «Қалалар, посёлкалар ҳәм аўылларда пуқаралар жыйынларын дүзиў, бирлестириў, бөлиў ҳәм сапластырыў сондай-ақ, олардың шегараларын белгилеў ҳәм өзгертиў, оларға атама бериў ҳәм олардың атамасын өзгертиў тәртиби ҳаққында»ғы 271-санлы қарарының 8 ҳәм 9-пунктине тийкарланып, Халық депутатлары Қоңырат районлық Кеңеси

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2014-жыл 14-марттағы 271-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Қоңырат районы «Өрнек» аўыл пуқаралар жыйыны екиге бөлинсин.

а) «Өрнек» аўыл пуқаралар жыйыны екиге бөлиў нәтийжесинде, «Өрнек» аўыл пуқаралар жыйыны «Өрнек» ҳамде «Қытай» елатлы пунктлерин бирлестирип, 798 хожалық, 859 шаңарақ, 5362 халықты оз ишине алады. А-380 Бухара-Гузар, Нокис-Бейнеу автомагистралының 875-км оң тәрепи «Жаңабирлик» елатлы пункитине шекем ҳәмде Қоңырат-Раўшан автожолының шеп тәрепи «Өрнек» аўыл пуқаралар жыйыны шегарасы,

б) «Киет» ҳамде «Айран» елатлы пунктлерин бирлестирип, 587 хожалық, 651 шаңарақ, 3787 халықты өз ишине алады.

Қоңырат-Раўшан автожолының оң тәрепи «Мийнетабад» аўыл пуқаралар жыйының кесилиспесине ҳәмде «Киет» ҳәм «Айран» елатлы пунктлери жаңадан шөлкемлестирилетуғын маҳалла шегарасы етип белгиленсин.

3. «Өрнек» аўыл пуқаралар жыйынын екиге бөлиў нәтийжесинде жаңадан шөлкемлестирилетуғын маҳаллаға «Киет» атамасы берилсин.

4. Районлық қаржы бөлими (Т.Аминов) 2 күн мүддет ишинде жаңадан шөлкемлестирилетуғын пуқаралар жыйынының тийисли штат бирликлерин ажыратыў тапсырылсын.

4. Районлық ишки ислер бөлими, районлық статистика бөлими усы шешимди орынлаў бойынша өз иләжларын ислеп шықсын ҳәм тастыйықлансын.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары районлық Кеңестиң регламент ҳәм депутатлық әдеби мәселелери бойынша тураклы комиссиясына жүклетилсин.

Халық депутатлары Қоңырат районлық Кеңеси баслығы **Ш.Темирбаев**

№ 05/25
2017 жыл 31-декабрь